

Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken (DHS) Avi pou anplwaye konsènan non-konfimasyon pwovizwa (Avi TNC)

Non, Prenon anplwaye a	Kat dènye chif nimewo sekirite sosyal anplwaye a
Nimewo A (nimewo anrejistremman etranje) anplwaye a	Nimewo dokiman anplwaye (yo)
Dat non-konfimasyon pwovizwa a	Nimewo verifikasyon ka a
<p>Rezon ki fè yo bay Avi TNC sa a:</p> <p><input type="checkbox"/> Non-konfimasyon pwovizwa DHS . Enfòmasyon yo antre pou anplwaye sa a pa koresponn ak enfòmasyon ki nan dosye Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken (U.S. Department of Homeland Security) a.</p> <p><input type="checkbox"/> Foto ki pa koresponn e ki lakòz yon non-konfimasyon pwovizwa DHS. Foto ki nan dokiman anplwaye sa a bay pou Fòmilè I-9 la, Verifikasyon Elijibilite pou Travay (Employment Eligibility Verification) pa koresponn ak foto ki nan dosye Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken (U.S. Department of Homeland Security) a.</p>	

Enstriksyon pou patwon an

ENPÒTAN
Anplwaye a dwe siyen epi make dat la nan paj 2 Avi TNC sila a.

- Revize Avi TNC sila a (an prive) avèk anplwaye a leplito ke posibil.
- Asire ke non, nimewo sekirite sosyal (SSN), nimewo paspò ameriken, nimewo A (nimewo anrejistremman etranje), nimewo I-94 la ak/oswa nimewo lisans chofè oswa nimewo kat idantite Leta a emèt la, ki make sou anlè avi TNC sila a, kòrèk. Si enfòmasyon an pa kòrèk, ou dwe fèmen ka a nan E-Verify epi ou dwe kreye yon nouvo ka avèk enfòmasyon ki kòrèk la.
ENPÒTAN: Si anplwaye a pa konn li, ou dwe li Avi TNC sila a pou anplwaye a. Si anplwaye a pa fin konprann angle twò byen, epi li pale Panyòl, chinwa, Kreyòl Ayisyen, Japonè, Koreyen, Ris, Tagalòg, oswa Vyetnamyen, ou dwe bay anplwaye yon Avi TNC sila a nan youn nan lang sa yo, ke w ap jwenn nan 'View Essential Resources (Egzamine Resous Esansyèl yo)'.
- Mande anplwaye a pou l make nan paj 2 si wi oswa non li pral konteste TNC DHS la.
- Mande anplwaye a pou l siyen epi make dat la sou Avi TNC sa a, nan paj 2, apres a siyen epi make dat la oumenm nan espas yo bay pi ba a.
- Bay anplwaye a yon kopi Avi TNC sa a ki siyen e ki ekri nan lang Angle epi anekse yon kopi nan Fòmilè I-9 la.
- Endike nan E-Verify ke w te avize anplwaye a sou TNC a epi apres a klike sou 'Continue (Kontinye)'.
- Suiv enstriksyon yo nan E-Verify pou w refere ka a oswa pou w fèmen ka a daprè desizyon anplwaye a.

REMAKE: Si anplwaye a decide pou l pa konteste Non-konfimasyon pwovizwa a, ou ka revoke l epi fèmen ka a nan E-Verify.

Mwen sètifye ke anplwaye sa a resevwa yon kopi Avi DHS bay anplwaye konsènan non-konfimasyon pwovizwa e ke anplwaye a pran desizyon ki make nan paj 2 Avi TNC sila a. Mwen sètifye ke anplwaye a li epi li siyen dokiman sila a. Mwen sètifye selon tout sa mwen konnen ke desizyon pou konteste oswa pou pa konteste Non-konfimasyon pwovizwa DHS la se te desizyon anplwaye a te pran libremman e ke patwon sa a pat nan oken sans bay anplwaye a presyon oswa fè l menas pou l pran desizyon asavwa si l ap konteste Non-konfimasyon pwovizwa DHS la oswa si li pap konteste l. M ap sètifye ke anplwaye a ki gen non l make anlè Avi TNC sila a se moun ki siyen dokiman sa a nan paj 2 a.

Non patwon an	Non reprezantan patwon an
Dat	Siyati reprezantan patwon an

Enstriksyon pou anplwaye a

Pou ki rezon ou resevwa Avi pou anplwaye konsènan non-konfimasyon pwovizwa (Avi TNC) sa a

Patwon w lan patisipe nan E-Verify, yon pwogram Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken (U.S. Department of Homeland Security: DHS) ak Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration: SSA) jere. E-Verify konpare enfòmasyon ou te bay sou Fòmilè I-9, Verifikasyon Elijibilite pou Travay (Employment Eligibility Verification), avèk enfòmasyon ki nan dosye gouvènman an, pou verifye ke w otorize pou travay Ozetazini. Si w te soumèt yon Dokiman Otorizasyon Travay, yon kat rezidan pèmanan, yon paspò ameriken oswa yon kat paspò, E-Verify pèmèt patwon w lan verifye ke foto ki sou dokiman w lan koresponn ak foto ki nan dosye DHS yo.

Ou resevwa Avi TNC sila a paske E-Verify endike ke enfòmasyon yo antre nan E-Verify la apatide enfòmasyon ki sou Fòmilè I-9 ou an pa koresponn ak enfòmasyon ki nan dosye DHS yo. Yo rele sa yon Non-konfimasyon pwovizwa DHS oswa TNC. Sa pa vle di ke ou bay patwon w lan enfòmasyon ki pa kòrèk ni nonplis tou li pa vle di ke ou pa otorize pou w travay nan peyi Etazini.

Yon Non-konfimasyon pwovizwa DHS ka rive, si:

- Non w, nimewo A (nimewo anrejistreman etranje) w la, ak/oswa nimewo I-94 ou a, te mal anrejistre nan dosye DHS yo.
- Yo pat ka verifye enfòmasyon ki nan paspò Ameriken w lan, ki nan kat paspò w la, nan lisans chofè w la, oswa nan kat idantifikasyon w lan ke Leta emèt la.
- Yo pat mete enfòmasyon w lan ajou nan dosye DHS yo lè yo te tcheke enfòmasyon w lan nan E-Verify.
- Eitati sitwayènte w oswa estati imigrasyon w chanje.
- Gen yon lòt kalite erè nan dosye DHS ou a.
- Ou bloke nimewo sekirite sosyal (SSN) ou nan E-Verify atravè pwogram DHS JobLock la.
- Patwon w lan pat soumèt enfòmasyon w lan kòrèkteman nan E-Verify.

ENPOTAN

Avi TNC sila a pa vle di ou pa otorize pou travay nisa pa vle di gen enfòmasyon ki pa kòrèk sou dokiman ou prezante a(yo) pou Fòmilè I-9 la. Si ou vle konteste Non-konfimasyon pwovizwa DHS la, se pou w kontakte DHS. DHS va revwa dosye l yo e li va detèmine si wi oswa non ou otorize pou travay Ozetazini. Si ou deside pa konteste Non-konfimasyon pwovizwa DHS sila a, patwon w lan ka revoke w.

Sa ou dwe fè

Asire w ke non w, nimewo sekirite sosyal ou, nimewo paspò ameriken w, nimewo-A (nimewo anrejistreman etranje) w la, nimewo I-94 ou a, ak/oswa nimewo lisans chofè w oswa nimewo kat idantite w Leta a emèt la, ki make nan premye paj Avi TNC sila a, kòrèk. Fè patwon w lan konn sa imedyatman si gen enfòmasyon ki pa kòrèk. Si enfòmasyon w lan kòrèk, se pou deside si w ap konteste Non-konfimasyon pwovizwa DHS la epi avize patwon w lan sou desizyon w pran an.

Si ou **Konteste** (pran aksyon) Non-konfimasyon pwovizwa DHS la, ou dwe kontakte DHS. Patwon w lan ap voye ka w la bay DHS atravè E-Verify e li ap ba w yon Lèt Referans. Lèt Referans lan ap esplike w kouman pou kontakte DHS e li va di w ki enfòmasyon oswa dokiman wap bezwen. Wap gen 8 jou ouvrap gouvènman federal rekonèt kòm jou travay, apati de dat patwon w lan refere ka w la nan E-Verify, pou w kontakte DHS.

Li enpòtan pou konnen ke patwon w lan pa ka pran okenn mezi negatif kont ou oswa li pa ka revoke w si w ta deside konteste TNC a. Paj suivan an nan Avi TNC sila a bay yon rezime sou dwa w genyen yo.

Si ou **Pa Konteste** (ou pa pran aksyon) Non-konfimasyon pwovizwa DHS la, sa vle di ou chwazi pou renonse a opòtinite w genyen an pou rezoud TNC a. Ka w la ap vin tounen yon Non-konfimasyon Final otomatikman, sa ki vle di ke patwon w lan ka revoke w.

ENPOTAN

Konnen dwa w genyen yo: Li paj suivan an pou enfòmasyon enpòtan sou dwa w genyen selon lalwa.

Mwen chwazi pou: (tcheke youn)

KONTESTE Non-konfimasyon pwovizwa DHS la. Mwen konnen ke se pou mwen kontakte Depatman

Sekirite Nasyonal Ameriken (DHS) sou 8 jou ouvrap gouvènman federal rekonèt kòm jou travay apatide dat ki sou Lèt Referans DHS la.

PA KONTESTE Non-konfimasyon pwovizwa DHS la. Mwen chwazi pou m renonse a opòtinite mwen genyen pou m konteste Non-konfimasyonpwovizwa DHS la. Mwen konnen ke patwon m nan ka revoke m.

Siyati anplwaye a

Dat

Si w gen kesyon sou sa w gen pou fè, kontakte E-Verify nan 888-897-7781 (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè]: 877-875-6028) oswa voye yon imèl nan E-Verify@dhs.gov. Si w gen kesyon sou pratik enjis nan afè travay ki gen pou wè ak imigrasyon, kontakte Biwo Konsèy espesyal pou pratik enjis nan afè travay ki gen pou wè ak imigrasyon (Special Counsel for Immigration-Related Unfair Employment Practices) nan 800-255-7688 (TTY: 800-237-2515).

Konnen dwa w genyen yo:

- Patwon yo pa ka itilize E-Verify pou fè seleksyon oswa pou fè yon verifikasyon preliminè sou moun k ap aplike pou travay yo. Se pou yo itilize E-Verify pou tout nouvo anplwaye yo kèlkeswa orijin natif natal yo, estati sitwayènte yo oswa estati imigrasyon yo.
- Patwon yo pa ka itilize E-Verify pou verifye anplwaye ki la deja yo amwenske patwon an aktyèlman yon kontraktè federal ki gen yon Klòz Règleman Akizisyon Federal ki konsène E-Verify (Federal Acquisition Regulation E-Verify Clause) nan kontra federal li a.
- Se pou patwon yo afiche vizibleman 'Avi sou patisipasyon nan E-Verify' la ak 'Postè sou Dwa pou travay(yo)', nan lang angle ak panyòl.
- Patwon yo dwe bay yon anplwaye ki resevwa yon Non-konfimasyon pwovizwa (TNC) yon kopi 'Avi pou anplwaye konsènan non-konfimasyon pwovizwa' a. Avi TNC a gen enfòmasyon ladan l sou kouman pou konteste yon TNC.
- Patwon yo pa ka pran okenn mezi negatif kont yon anplwaye. Sètadi, yo pa ka: revoke anplwaye a, mete l nan sispansyon, pa peye l lajan salè li, pa ba l fòmasyon, retade dat pou l kòmanse travay la oswa mete kèlkeswa limit sou travay li, baze sou desizyon anplwaye a pran pou l konteste yon TNC oswa paske ka anplwaye a annatan toujou avèk Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken (DHS) oswa Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA).
- Patwon yo dwe bay yon anplwaye yon Lèt Referans pou DHS oswa SSA, si anplwaye a deside konteste Non-konfimasyon pwovizwa a. Lèt Referans la gen ladan l enstriksyon ak enfòmasyon pou anplwaye a sou moun pou l kontakte nan ajans lan.
- Patwon yo dwe bay anplwaye yo wit jou ouvrab gouvènman federal rekonèt kòm jou travay, apatide dat E-Verify refere dosye a, pou yo ale nan yon biwo SSA oswa pou yo kontakte DHS pou yo konteste Non-konfimasyon pwovizwa a.
- Patwon yo ka revoke anplwaye yo sèlman apre yo resevwa yon Non-konfimasyon Final, oswa apre yon anplwaye deside li pap konteste yon Non-konfimasyon pwovizwa.
- Patwon yo pa ka itilize E-Verify pou yo verifye anplwaye ki la deja yo ke otorizasyon travay yo ekspire. Olye yo fè sa, se pou patwon yo ranpli Seksyon 3 nan Fòmilè I-9, Verifikasyon Elijibilite pou Travay (Employment Eligibility Verification), oswa yo dwe ranpli yon nouvo Fòmilè I-9.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou E-Verify, ak enfòmasyon sou règleman nou yo konsènan enfòmasyon prive ak règ pwogram nou yo, ale sou sit entènèt E-Verify la nan www.dhs.gov/E-Verify.

Rapòte vyolasyon

Si w panse ke patwon w lan pa respekte règ E-Verify yo, oswa ke li te diskrimine kont ou oswa li te trete w defason enjis, n ap ankouraje w pou rapòte sityasyon sa a. Pou w rapòte ke patwon w lan abize sistèm E-Verify la, ke li pa respekte règleman sou enfòmasyon prive, oswa si w gen plent jeneral sou E-Verify, kontakte Liy Asistans E-Verify pou anplwaye yo nan 888-897-7781 (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè]: 877-875-6028) oswa voye yon imèl nan E-Verify@dhs.gov.

Pou rapòte diskriminasyon nan travay ki baze sou estati sitwayènte, estati imigrasyon, orijin natif natal, oswa lòt abi nan sistèm E-Verify la, kontakte Depatman Lajistis, Seksyon Dwa Sivil, Biwo Konsèy Espesyal pou Pratik Enjis nan afè Travay ki gen pou wè ak Imigrasyon (Department of Justice, Civil Rights Division, Office of Special Counsel for Immigration Related Unfair Employment Practices) nan 800-255-7688 (TTY [pou moun ki soud oswa bèbè]: 800-237-2515). Si w bezwen plis enfòmasyon, ale nan sit entènèt Biwo Konsèy Espesyal la nan www.justice.gov/crt/osc.